



DISTRI LEKÒL REIYON PALM BEACH (SDPBC abreje anglè)

Fòm konsantman ak otorizasyon pou sèvi nan rezo PBC Net la

Elèv la, paran oswa responsab li (yo), ansanm ak pwofesè oswa administratè lekòl la sipoze siyen fòm sa a. Apre tout moun fin siyen fòm sa a, y ap klase li nan lekòl elèv la.

Lè m siyen fòm Konsantman ak Otorizasyon sa a, Mwen, _____ (ekri non w ak lèt detache), ansanm ak paran oswa responsab mwen (yo) aksepte pou konfòme m ak tout kondisyon ki anba a. Mwen pale ak paran oswa responsab mwen sou kondisyon sa yo.

Anplis, yo deja fè mwen menm ak paran oswa responsab mwen (yo) konnen ni Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la, ni Biwo Enfòmasyon Teknoloji (IT abreje anglè), ni lekòl la pa gen kontwòl sou kalite enfòmasyon k ap pase sou entènèt la, malgre yo eseye pran prekosyon pou anpeche nenpòt kalite enfòmasyon pase. Gen lòt kote sou entènèt la ki kapab genyen yon seri enfòmasyon ki ilegal, difamatwa, ki pa bon, oswa ki derespektan pou kèk moun. Malgre entansyon SDPBC se pou mete entènèt la sou dispozisyon distri a ak lekòl yo pou kapab ranfòse misyon ak objektif yo nan domèn edikasyon, se posib pou moun ki enskri pou sèvi ak entènèt la kapab al chèche yon seri enfòmasyon ak materyèl ki pa apwopriye epi ki pa gen rapò ditou ak edikasyon. Distri Lekòl nan Rejyon Palm Beach la rete kwè antouka avantaj elèv yo ak pwofesè yo jwenn nan sèvi ak rezo entènèt la pou kapab jwenn enfòmasyon, resous ak opòtinite dimil fwa plis pase dezavantaj yo. Antouka, paran oswa responsab timoun minè yo genyen responsablite pou tabli liy moral nòmal yo pitit yo sipoze suiv. Se sa k fè SDPBC ankouraje epi respekte dwa chak grenn fanmi genyen pou deside si yo dakò oswa si yo pa dakò pou pitit yo jwenn pèmasyon sèvi nan gwo rezo entènèt rejyonal distri a genyen ki rele (PBC Net) la. Si w ta gen nenpòt keksyon sou sa, ou kapab kontakte anplwaye nan Biwo Enfòmasyon Teknoloji a (IT) nan (561) 434-8830 oswa kontakte lekòl la.

Elèv la ak tout paran l oswa responsab li dwe konprann se pou kab ranfòse devlopman misyon ak responsablite distri a nan edikasyon ki fè li bay elèv pèmasyon pou sèvi nan rezo PBCNet la. Kondisyon ak kalite sèvis ki disponib kounye a yo ap gen pou chanje tanzantan. Anplis, distri lekòl la pa bay pyès garanti sou rezo PBCNet la, epi li pa responsab pou:

1. Kèlkelanswa kalite konsèy oswa enfòmasyon yon elèv jwenn ki soti nan yon sous enfòmasyon pou kèlkeswa pri sa koute pou chèche ak jwenn oswa asepte enfòmasyon oswa konsèy sa a.
2. Kèlkelanswa depans, responsablite, oubyen dega ki rive akòz jan yon elèv chwazi pou sèvi nan rezo PBCNet la.
3. Kèlkelanswa rezon ki lakoz sèvis la entewonp oswa chanje, menm si sikonstans sa yo rive akòz desizyon SDPBC a.

Lè m siyen fòm sa a, sa vle di mwen dakò ak kondisyon sa yo:

1. Lè m ap sèvi nan rezo PBCNet la, m dwe annakò ak objektif fondamantal SDPBC, IT, ak lekòl la.
2. Mwen pa p sèvi nan rezo PBCNet pou m fè kèlkelanswa magouy ki ilegal.
3. Mwen konprann li posib pou mal sèvi ak sistèm nan divès fason, tankou voye oswa resevwa mesaj ki gen karaktè pònografi, ki pa apwopriye oswa ki ilegal, ki rasis, ki sèksis, ki gen betiz, ansanm ak lòt sijè yo detaye nan dokiman sa a. Mwen p ap sèvi nan rezo PBC Net la pou voye materyèl ki gen menas, betiz, ni sèvi ak anyen ki pou takinen moun. Distri lekòl la pa p responsab si m tonbe nan fè kalite bagaye sa yo, oswa nenpòt lòt bagay ki sanble ak sa.
4. Men p ap sèvi ak rezo PBC NET la Pou anpeche oswa entewonp lòt moun k ap sèvi ladan l, ni pwogram, ni ekipman ki ladann nan fè pwopagann oswa piblisite ilegal, ni tou mwen pa p mete viris konpitè ni sèvi ak okenn lòt enprimant andeyò sa ki disponib nan lekòl mwen an pou elèv yo, epi tou mwen p ap sèvi ak rezo a pou m antre san otorizasyon nan okenn lòt pwogram oswa lòt rezo pou okenn lòt rezon.
5. Mwen pa p sèvi ak rezo PBC Net la pou eseye antre pran okenn enfòmasyon ni resous san pèmasyon mèten enfòmasyon an oswa moun ki gen dwa pou distribye enfòmasyon an. Nòmalman, enfòmasyon ak resous ki disponib nan rezo PBCNet la se pwopriyete prive moun ak òganizasyon ki gen dwadotè oswa dwa pwopriyete sou enfòmasyon sa yo, sof si se moun sa yo menm ki ta deklare lekonntrè.

SDPBC pa bay okenn garanti, ni dirèk ni endirèk, pou sèvis ki disponib yo ni tou li pa p responsab nonplis pou pyès pwoblèm ki rive yon moun k ap sèvi nan rezo a. Kit se te pou enfòmasyon ki pèdi nan rete tann, akòz transfè pa fè oswa move transfè, oswa pou sèvis ki sispann akòz neglijan distri a ou byen erè moun k ap sèvi nan rezo a fè. Kèlkeswa fason yon moun sèvi ak enfòmasyon li jwenn nan entènèt la, sa l pran se pa l. SDPBC deklare karebare li pa responsab pou konfime pyès kalite enfòmasyon moun jwenn nan rezo sèvis ki nan PBCNet la. Se moun k ap sèvi nan rezo a ki responsab pou verifye sous nenpòt enfòmasyon yo jwenn ak pou konsidere si enfòmasyon yo jwenn nan valab oswa pa valab.

Daprè dekrè Lwa Federal sou karaktè prive nan kominikasyon ak elektwonik ki te pase an 1986 (18 USCS Seksyon 2510), tout elèv sipoze konnen rezo PBC Net la pa gen okenn mwayen pou voye oswa resevwa anprive oswa ansekrè okenn kominikasyon elektwonik. Konsidere tout mesaj yon moun voye kòm yon lèt dekachte tout moun kapab wè. Pingga sèvi ak sistèm nan si w ta bezwen kominike ak yon moun pou voye yon mesaj ou pa ta renmen lòt moun wè. Lè ou aksepte sèvi nan rezo PBCNet la, se konsantman w ou bay tou pou pa bay SDPBC pote okenn chay sizoka nenpòt nan bagay sa yo ta rive.

Siyati obligatwa pou konsantman ak otorizasyon pou sèvi nan rezo PBC Net la TANPRI EKRI AK LÈT DETACHE

SIYATI ELÈV LA

Mwen konprann pou m konfòme m ak tout kondisyon ki nan kontra sa a. Mwen konprann tou nenpòt lè mwen ta vyole nenpòt nan kondisyon sa yo, yo kapab pini mwen, sispann privilèj mwen jwenn pou sèvi nan rezo a, ak/oswa asiyen mwen devan lajistis. Mwen dakò tou pou mwen rapòte bay administratè lekòl mwen an, oswa pwofesè mwen, oswa teknisyen rezo a nenpòt ka kote mwen mal sèvi ak enfòmasyon mwen jwenn nan sistèm nan. Tout règleman disiplin ki valab nan distri lekòl la (SDPBC) oswa nan lekòl la valab pou mwen tou lè m ap sèvi nan rezo a.

Non Elèv la _____, _____ Nimewo elèv la [] [] [] [] [] [] [] []
(Siyati) (Premye non) (Dezyèm non)

Non lekòl la _____

SIYATI ELÈV LA

DAT

SIYATI PARAN OSWA RESPONSAB LA (obligatwa pou timoun ki poko gen 18 an)

Kòm paran oswa kòm responsab elèv sa a, mwen te li kontra sa a epi mwen konprann pèmision pou antre nan entènèt nan rezo PBC Net la se pou rezon edikasyon sèlman. Mwen konprann tou li enposib pou distri lekòl la (SDPBC) anpeche moun tonbe sou tout kalite enfòmasyon ak materyèl degrenngòch ki gen nan entènèt la, epi mwen p ap bay distri lekòl la pote okenn chay pou enfòmasyon ak materyèl moun jwenn nan rezo PBCNet la. Mwen dakò tou pou m rapòte bay administratè lekòl la, oswa pwofesè a, oswa teknisyen rezo a nenpòt ka kote moun mal sèvi ak enfòmasyon yo jwenn nan sistèm nan. Mwen aksepte pran tout responsablite pou kontwòle pitit mwen an sizoka li ta vle konekte sou rezo PBCNet pandan l andeyò lekòl li.

Tanpri, ranpli tout pati anba a epi voye fòm otorizasyon an tounen bay direktè lekòl la oswa reprezantan li pou yo apwouve l. Yo pa p bay pèmision pou antre sou entènèt la si w pa byen ranpli fòm nan ak tout enfòmasyon yo mande yo.

(Tanpri ekri ak lèt detache)

Non paran oswa responsab la _____ Telefòn lakay () - _____

Non paran oswa responsab la _____ Telefòn lakay () - _____

SIYATI PARAN OSWA RESPONSAB LA

DAT

SIYATI PARAN OSWA RESPONSAB LA

DAT

DIREKTÈ A OSWA REPREZANTAN L

Mwen te li kontra sa a epi mwen dakò pou m ankouraje kondisyon yo ak elèv la. Kòm direktè lekòl oswa reprezantan lekòl la, mwen dakò pou m enfòme elèv la sou fason nòmal ki genyen pou l sèvi nan rezo a ak tout règ bon lizay ki valab pou sa. Mwen dakò tou pou m rapòte bay teknisyen rezo a nenpòt ka kote moun mal sèvi ak enfòmasyon yo jwenn nan sistèm nan.

Non Direktè a oswa reprezantan li _____

SIYATI DIREKTÈ A OSWA REPREZANTAN L

DAT